Район гIуцIараладасан - 90 сон
Гъачагъал шущахъ рихххизаруралдасан - 20

# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 9-12(10011-10014) | 7 март | Хамиз | 2019 сон

Цебеги

Гьанжеги

# БОЛЪИХЪ



ГIабасил МахIамад, Дагъистаналъул халкъияв поэт

*Болъихъ район гIадаб жибго берцинаб,*
*Бихьизе бокьулеб ракьги лъаларо.*
*Балъхъадерил гIадаб гIамал берцинаб,*
*ГIадамал хирияб халкъги бихьичIо.*

*Бокьула рагIизе магIарул макъан-*
*Къечон лъадахъ гIадин гIашикъ дун шагIир*
*Щола мун ракIалде, бихьула макьилъ,*
*Болъихъ - дир гIагараб эбелалъул ракь!*

# ИСТОРИЯ БОТЛИХА

Ботлихцы (само название буйхади.) относятся к народам аваро-андо-цезской группы.

Название Ботлих происходит от слова Бо «войска» и лъалхъи буквально «место привала войска».

По переписи I926 г. ботлихцев было 3370 чел.

Очень трудно установить время заселения ботлихского котлована, так как данная местность археологически совершенно не изучена.

Устная традиция сохранила предания о Ботлихе, о взаимоотношениях ботлихцев с соседними обществами.

Первоначально в Ботлихском котловане было два аула: Буйха (Ботлих), где жили собственно ботлихцы. Недалеко от Андийского Койсу в 2—3 км от Ботлиха в местности «цIелелъи рекьа» («виноградника возвышенность») было расположено другое селение Шогалъи гьани («Гончарный аул»). Согласно преданию здесь жили балхъал. Балхъал помимо садоводства и виноградарства занимались также гончарным производством, В прошлом, пишет Е. Шиллинг, между этими селениями возникали постоянные споры и войны за землю и воду, в частности за обладание богатейшими садами, орошаемыми водами Андийского Койсу и Миарсинки. Для решения этого спора было назначено единоборство с условием: сторона, представитель которой победит, останется, а побежденные покинут родину. В этом единоборстве, согласно преданию, ботлихцы прибегли к хитрости. Они посоветовали своему бойцу, чтобы он спросил у противника, когда они сойдутся, почему их вышло двое на одного. Тот обернется назад, в этот момент надо снести ему голову. Воин последовал совету и убил соперника. Побежденные гончары вынуждены были покинуть село. По одним версиям они переселились в современный Балхар, по другим — направились в сторону Грузии. Таким образом ботлихцы заимели плодородные земли в урочище ГIачIабалда.

Ботлихцы находились в наиболее выгодной географической зоне. Их территория отличалась мягкостью климата и плодородием почвы. Здесь протекала достаточно крупная речка Килулъи инхи и небольшие речки Гъадару инхи и Сарулъи баганесуб инхи («речка лисьей норы»), образующиеся из вод озера Казаной-ам. Несравненно большое хозяйственное значение имела Андийское Койсу, водами которой орошалась часть земли, расположенные в долине ГIачIабалда. Такое природно-географическое расположение способствовало развитию у ботлихцев еще с древних времен различных отраслей хозяйства. Об этом свидетельствуют исследования академика Н. И. Вавилова. После тщательного анализа видов пшеницы, ржи, диких и культурных плодовых ученый приходит к выводу, что «земледелие в Грузии, Армении и Дагестане является весьма древним, начало его уходит в глубь тысячелетий». Особо он подчеркивал культуру земледелия ботлихцев. Археологические изыскания за последние 30 лет позволили исследователям определить хронологические рубежи террасостроительства. Начало первоначальных форм терраcирования они относят к энеолиту. Исходя из этого можно предположить, что территория, занимаемая ботлихцами, была заселена в глубокой древности.

В период арабских завоеваний в VII—VIII вв. жители Западного Дагестана, в том числе ботлихцы, остаются вне влияния арабов. Сами ботлихцы да и другие жители этого края распространение ислама среди них связывают с именем Абу-Муслима и его потомками.

В XIV—XV в.в. крупные изменения произошли в политической структуре населения Западного Дагестана. К этому периоду можно отнести образование союзов сельских общин.

Такой союз образовался и на территории нынешнего Ботлихского района под названием Технуцал. Технуцалский союз объединял различные народы и этнические группы с собственными языками, таких как чеченцы, аварцы, ботлихцы и годоберинцы.

Общее число дымов согласно переписи 1886 г. составляло I839 с населением 7715 чел. Центром Технуцалского союза сельских общин был Ботлих.

Ботлих с самого возникновения был расположен на открытой незащищенной естественными преградами местности шобда. Поэтому ботлихцы большое внимание уделяли оборонному фактору. Селение было укреплено боевыми башнями (шеба), число которых, по мнению информаторов, доходило до 68. Во время нападения внешних врагов башни использовались как убежище для населения. Кроме того, аул был снабжен подземным сообщением, которое связывало башни верхнего квартала с нижними. Кроме башен к числу оборонительных сооружений Ботлиха надо отнести трое ворот (каву), которые замыкали въезд в селение.

Существовала также целая сеть постоянных военных караулов, разбросанных вокруг Ботлиха в виде хуторов, обычно семейных. Сигнальные башни, они же караульные, были расположены в местностях Ницикьи, Хасулатив багьадур, ХIадишалапиб рехун, Инкубакьи и в районе нынешнего аэродрома.

Вряд ли можно было в данном регионе найти такие укрепленные аулы, как Ботлих. Ботлих своими застройками, оборонительными сооружениями, внутренней коммуникацией, развитым земледельческо-садоводческим хозяйством и военной организацией напоминал поселения городского типа, характерные для Дагестана в период раннего и развитого средневековья.

Ботлих стал играть ведущую роль в экономической и политической жизни региона. Он был расположен на узловом месте, откуда проходили все дороги, связывающие жителей Западного Дагестана как между собой, так и с соседними народами. Через Ботлих шла также древняя дорога, имевшая большое стратегическое значение, которая связывала южные районы Кавказа с северокавказскими степями. В Дагестане эта дорога проходила через сел. Рича (Агульский), Кумух, Андалял (Гунибский), Гидатль, Ботлих, Ведено и продолжалась в северокавказские степи.

Ботлихцы были активными участниками национально-освободительной борьбы горцев под руководством Шамиля. Шамиль прекрасно понимал стратегическое положение Ботлиха и поэтому всячески старался склонить на свою сторону ботлихцев, что и удалось. Так, ботлихцы приняли участие в арганинском сражении Шамиля в июне I839 г., после чего им пришлось отступить в Чиркей, а затем в Ашильту. Вместе с другими ботлихцы участвовали в обороне Ахульго. В1843 г. Шамиль разделил имамат на три области. Технуцалцы, каралалцы, ахвахцы вошли в состав Аварской области под начальством Хаджи-Мурата. I8 января I843 г. он присылал в эти общества осведомить о готовности жителей на случай требования их к сбору и вместе с этим объявить им, что «приказание о нем будет отдано в скором времени и чтобы по первому призыву собрались они в сел. Муни. В I845 г. Даниял-Султан по приказанию Шамиля из вышеназванных обществ собрал 12 тыс. человек». В целом в 40—50-х гг. жители этих обществ становятся опорой освободительной борьбы горцев против царизма. Они принимали участие во всех крупных сражениях, происходивших в Дагестане и Чечне.

После покорения Дагестана Ботлих становится опорным пунктом царизма. Здесь были расквартированы царские войска. В 1861 г. из Тверской области были переданы в Дагестанскую область общества Ункратль, Чамалал, Технуцал, Андия, Гумбет и образован Андийский округ с центром в Ботлихе..

После присоединения Дагестана к России Ботлих становится экономическим и культурным центром Западного Дагестана. В 1882 г. главноначальствующий гражданской частью на Кавказе предложил открыть школы в Казикумухе, Чохе, Левашах и Ботлихе. Начальник Дагестанской области счел, что школы могут быть построены за счет жителей с небольшой доплатой от казны. В результате принятых мер в I89I г. в Ботлихе было открыто училище. Оно являлось первой светской школой в данном регионе. Естественно, училище сыграло огромную роль в подготовке местных кадров. Кроме того, в Ботлихе были открыты торговые лавки, где реализовывали российские фабричные изделия.

Сегодня Ботлих-один из крупных и развитых населенных пунктов Дагестана.

Не зря ее называют городом в горах.



# ТАРИХАЛЪ БИЦУНЕБ БУГО

Россиялъул империялъ ц1акъ к1удияб к1вар буссинабуна балъхъадерил ракьалде 1860-1862 соназда Шурагьиса (Бузнасахун) Болъихъе гьакил нух бахъана. Гьебго соналда байбихьана Шураса- Гъунибе, Гъуниса хундерил т1алъиялдасахун Болъихъе ва Т1андосахун г1андадерил ральдахъан Веденобе щвезег1ан пачаясул армиялъ гьакил нухал рахъизе.

Байбихьуда гьеб нухалда ц1ар бук1ана поч нухилан. Гьеб нух бахъиялъе аслияб г1илла бук1ана Россиялъул империялъул кверщаликь бугеб маг1арулъи мук1ур гьабиялъе, гьенир солдатал ч1еялъе рагъулал щулалъаби крепостал-казармаби



рай. Гьелъул кьуч1алда щибаб округалъул централабазда рана ч1ах1и-ч1ах1иял хъулби.

Гьеб нилъеца бицен гьабулеб нух бахъиялъулъ бугеб зах1малъи бичч1инабиялъул мурадалда, сардарас пачаясухъе бит1арабила зарг1анасеб гьец1о гамач1. Пачаясги нахъе бит1ун бач1арабила гьеб гамач1, цадахъ щуго гъурущ бац1адаб г1арцулги лъун. (щуго гъурщие гьоб заманалда лъик1аб г1ака шолеб бук1ун буго). Пачаяс гьеб бит1иялъул маг1на бук1анила гьеб гамач1 бахъиялъе киг1анаб г1арцул харжал т1ад унел ратаниги, нух бахъун лъуг1изабеян абураб.

Гьел нухал рахъулел ва хъулби ралел бак1азда г1емер х1алт1аби гьарулел рук1ана маг1арул росабалъан рач1арал ц1улал, къадал устарзабазги ва цогидал ч1ег1ерал х1алт1аби гьарулел нус-нус г1ададамазги ва гьезие х1алт1ухъ лъик1аб мухьги ч1езабун бук1ана. Х1алт1ухъ щолеб г1арцуда цебеса г1емерисеб босулеб бук1ана гьоб заманалда маг1арулазе кьанаг1атаб жолъун бук1араб: нахучирахъал, сапун, харицелал, гьакибурдул, ххамк1ач, т1укъби гьаризе махх, чуязе кьиликъай, маг1ал, горда лъезе ц1ер, тунк1ихер ва гь.ц.

Гьеб нух гьабуралдаса 150 сон ун бугониги, жакъа гьарурал г1адин ц1унун хут1ун руго гьел нухазе щулалъиялъе рарал, носол бал жаниб унаредухъ, цоцазулъ регъезарурал, рек1к1ун къач1арал ганч1ил къадал. Г1оразда т1аса ран руго, ригьун т1урал г1адин маг1аз цоцазулъ шула гьарурал щвелеразул к1амури бан гьарурал, кьоял. Гьел ран руго Болъихъ районалъул ракьалда к1иго Кьохъ, Болъихъ росдада цебе Хьач1укь ва Г1ач1абалда.

Гьаб сураталдеги ралагьун нужеца пикру гьабе, маг1арде т1аде рахине ккани кинаб эхеделъиялда нух гьез гьабун бугебали. Рагъулаб техника (чуяз ц1алел гьакал) гьел нухаздаса зах1малъиялда инч1ого рук1инелъун 10% т1аде биччалароан.

Болъихъ Г1ач1абалда бугеб Преображенскиясул хъала. Сурат бахъун буго 1870соназда.

Сураталда: Болъихъ, Г1ач1абалда бугеб Преображенскиясул къоялъул швелерал сак1алда щула гьарун ругеб къаг1ида.

Маг1арулал мук1ур гьарун хадуб 1862 соналда Дагъистаналда пачаясул х1укуматалъул законал рилълъанхъизаризе байбихьана.

Маг1арухъе гьакинухал рахъун лъуг1индал, Россиялъул гучги, пачаясул армиялъул къуватги бихьизабизелъун, т1ок1аб киданиги кодоб ярагъгун маг1арулал данде рахъунгут1изелъун, гьел соназда Дагъистаналъул ракьалда разе байбихьана залимал щулалъаби –хъулби. Гьедин Россиялъул армиялъ Кавказалда г1емер бак1алда рана рагъулал щулалъаби( (крепостал). 1862-1869 соназда, балъхъадерил жамаг1аталъе расниги бокьич1ого, Г1ач1абалда г1урул раг1алда бана, Преображенскиясул ц1ар лъураб, щулалъиялъул рахъалъ къуватаб, лъабго хъала. Гьел цоцазда рухьинарун рук1ана г1оралда т1аса маххул швелераз к1амур гьабун т1ад т1ох лъураб маххул кьоялъги ва к1иябго рахъалда рищатал къадалги гьарун, гьезда гьоркьоса кват1ги тун, къадазда щибаб метраялдаса рехе – эхеде халатал т1еренал тунк1ал кьвагьизе ругел карт1алги ругеб коридоралъ. Гьеб балеб заманалда жамаг1аталъ гьелъие нухмалъи гьабулеб командованиялда лъазабун бук1ана Г1ач1абалда бугеб бак1 гьавадул (малярия) унти ккеялъе ц1акъго х1инкъараб бак1 бугилан. Амма армиялъулаз гьелде к1вар буссинабич1о, гьенир хъулби разе бокьич1олъиялъ ургъарал харбал ругилан тана.

Гьеб унти ккун г1емерал солдатал хведал, 1870 соналда г1урусазул аскарияз х1ажаталлъун ккана ц1идаса Болъихъ росдада цебе пачаясул аскариял жанир ч1езе залимаб хъала базе. Гьеб баялъе Россиялъул бат1и-бат1иял регионаздаса аза-азар гьакица баччана, нилъеца цебехун бицен гьабураб поч нухдаса, х1ажатаб къайи –матах1.

Ункъо - щуго саналдаса балъхъадерил росдада цебе эхетана гучаб, рагъуе кинабго рахъалдаса квег1енлъаби ругеб, ц1ик1к1араб къадаралда щулалъаби къадазда бугеб «Мук1ур гьабизе к1олареб»-абун ц1ар лъураб хъала.

Болъихъ росдада цере ругел хабалазда т1адехун гьол сонзда цониги минабак1 бук1инч1олъиялъ, гьеб бан бук1ана чиртаялдаса- райцентраялдаса байбихьун, школалъул, культураялъул



рукъалъул ФСБялъул, военкоматалъул, редакциялъул минаби ругел свери –къоноги жаниб бачун.

Бааналъе: Гьоб заманалда, Болъихъ росдада цебе бугеб хъалаялде аск1оре къач1ого рук1ине армиялъулаз бак1алъулазда бихьизабураб г1орхъи-мухъ бук1ун буго. Гьелде г1агарлъизе рек1аразде хъаравулзабаз ах1улеб бук1ун буго: «За чертой не ходи!»-ян.

Г1урусазул «Черта» абураб раг1удаса бижун бач1араб гьеб годек1ан- бак1алде, райцентралде ва хъала бук1араб свери-къоноялде жакъагицин балъхъадерица абула «Чирта»- абун.

Кавказалъул рагъ лъуг1ун хадуб 1859- 1925 соназда Болъихъ хъаладухъ ч1ун рук1ана пачаясул армиялъул т1аса рищарал рагъул частал.

Кавказалъул бат1и-бат1иял регионазда хъулухъ гьабула ругел рагъухъабазухъе щвезе вач1арав Россиялъул пача Александр-II абилев 1871 соналъул сентябрь моц1алда Болъихъеги вач1ана. Гьесул вач1иналъул аслияб мурад бук1ана бах1арчияб Дагъистан



*Т1андо росдада т1адехун бугеб маг1ардаса унеб Пачаясул нухалъул свераби.*

ва Чачанлъи г1урусалгун цолъун гъудуллъиялда рук1инари. Гьеб сапаралъ пачаясул рек1елъ Кавказалъул халкъалдехун к1удияб рокьул асар бижинабуна. Хасго гьесие рек1ее г1ун буго Болъихъ гьабураб гьоболлъиги гьелъул гьайбатаб т1абиг1атги. Т1андадерил т1алъиялде щведал, хъатиниб лъураб г1адин г1ажаибго берцин бихьулеб балъхъадерил жаниблъиялъул т1абиг1аталъухъ машгъуллъун вугев гьес, гьелъие кьимат кьолаго, абурабила к1иабилеб Парижилан.

Бицен буго Болъихъе вач1арав пачаясде дандч1вай гьабизе росабалъанги пач1ун ц1акъ г1емераб халкъ бук1анила. Гьезул жиндехун бугеб адаб - х1урматги бихьун, гьев къаде кванaзе аскариязухъе инч1ого гьенив вугев Г1анди округалъул начальникасухъ рештун вуго. Гьев вач1иналде халкъалъ гьесие бач1ун бук1ун буго кванил, пихъил бат1и-бат1иял ниг1матал, Ансалт1исез мик1иси (форель) ччугl1а.

Кавказалъулгун бугеб рагъуе ахирги лъурав, Имам Шамил асирлъуда вугониги, гьесдехун к1удияб бербалагьиги гьабурав императорас ц1ик1к1араб к1вар буссинабуна Дагъистаналъулги ва Чачаназулги г1умруялъул рахъ лъик1лъизабиялде. Гьел регионазде вач1иналъул аслияб маг1наги пачаясул гьеб бук1ана.

Пача Дагъистаналде вач1иналъ маг1арулазе хадубккун г1емер пайдаял рахъал ккана, цо-цо шагьаразда ва ч1ах1иял районазда рагьана г1урус школал, х1алт1изе лъугьана пачаясул г1арац, г1ададамазе рес щвана Россиялъул бокьарал регионазде дарам-базаралъе ва х1алт1изе инзе, росабалъе рахъана гьакинухал. Гьелдалъун г1ададамазул рук1а-рахъин лъик1лъизе лъугьана.

Нилъеца цебехун бицен гьабурал, жакъаги хут1ун ругел т1андадерида т1адехун ругел сверабазде пачаясул нухилан абула.

Болъихъ ч1ун рук1арал РФялъул аскариязул офицерзабаз абулаан: «Расниги бокьич1ого рач1ана ниж Болъихъе, гьанже расниги бокьич1ого Болъихъ рак1ги тун нахъе инзеги кколел руго»-ян.

Пачаго г1адин, Дагъистаналде, хасго Болъихъе щвезе вач1ана (лъабго нухалъ) В.В. Путин.

1871 соналъ Россиялъул пача Александр-II абилев вач1ана жинца асир гьабураб х1инкъи–къей гьеч1еб Дагъистан, Чачанлъи ва Болъихъ бихьизеги, гьел цолъизаризеги.

128 соналдаса хадув, ай 1999 соналъ Россиялъул президент В.В. Путин вач1ана Россиялъул цолъи ц1унараб бах1арчияб Болъихъ район бихьизе.

**«Ботлихцы» абураб т1ехьалдаса босараб**



ЦIа гIадинав революционер Къурбан ГIандийский



МухIамаев НурмухIамад (Ациев), 1-сев ревкомалъул секретарь

# САРДИЛЪ БАХЪАРАБ КЪВАГЪИ

1921 соналъул 14 маялда Болъихъ ахlана РКП(б) ялъул ГIанди округалъул партийныяб комитеталъул членазул тIоцебесеб данделъи. Гъелда гIахьаллъана МуртазагIалиев ГIалидибир, ХIажиев Испаги, МухIамаев Къурбан, 41 аб. къвагъдохъабазул бригадаялъул рагъулав комиссарасул заместитель Бавирин, РКП (б) ялъул Дагъобкомалъул инструктор Романов.

Президиумалъул жавабияв секретарьлъун вищана ГIалидибир МуртазагIалиев.

Гъеле гъеб къоялдаса ГIалидибир МуртазагIалиевасул нухмалъиялда гъоркь жиндирго хIалтIуде байбихьана РКП (б) ялъул ГIанди округалъул Болъихъ парткомалъ. Живго ГIалидибир МуртазагIалиев вукlана Болъихъ росулъа абулеб тухум-къибилалъул, сабурав, инсанасда гурхIел-рахlму бугев, мискин халкъалъул хIал лъалев, кидаго гъелъие кумекалъе хIадурав, гIаданлъиги, гIадатлъиги бугев чи. 1920 соналъул ноябрь моцlалда гъесул битlахъегояб хIаракаталдалъунги бажариялдалъунги ГIумал МухIамадидаги, ГъазимухIамадов ХIайбуладаги, ШагIбанова ХIапизатидаги, Ханиев МухIамадидаги, АхIмайидаги, МалахIатил Къудукъидаги ва чанго цогидасдаги кIвана лъебергогIанасев багIарармееец щулаго рахчизеги гъарун, ХIоцоса Нажмудинил солдатазухъе щвезе течIого хвасар гъаризе, гъезул гIумру цIунизе.

ГIалидибирида лъалаан лъикlго хъвазеги цIализеги. Гъев вукIана лъикIав гIуцlарухъанги. Гъесие бищунго хасиятаб букlана тIаде ккараб иш намус бацlцIадго рагlалде бахъинаби. ГIалидибирил цIар кватIичIого машгъурлъун бачIана Советияб власть щула гъабиялъул ритlухъав къеркьохъан хIисабалда.

Доб мехалда ХIоцоса Нажмудинил питначагIазул лъалкI тIагIинабун букIаниги хадубккун Советияб власть щула гъабиялъул мурадалда, цогидал округаздаго гIадин, Болъихъги чIезабун букlана къвагъдохъабазул бригадаялъул лъикlаланго кIудияб къокъаги. Гъединго чанго соналъ букIана партизаназул




отрядги, гъелдаго цадахъ милициялъул ячейкаги .

... ГIалидибирида рекIелъ къан, хlехьезе кlоларого букIана ХIоцосесул солдатаз гурхIел-рахIму гъечIого революционныяб полкалъул багlарармейцал гъуриги, хадувккун Дагъревкомалъ Болъихъе чрезвычайнияв Уполномоченныйлъун хIалтlизе витlун вукIарав Муса Кундуховасул бетIерлъиялда партизаназул отрядалъ рецIел босулебилан цо-цо намус бацlцlадал ва жидеда щибниги гIайиб гъечIел гlадамазе гъарурал вахlшиял хlукмабиги. Гъединлъидал ,къуркьи гъечIев вас ГIалидибир МуртазагIалиевас бищунго кIвар кьолезул цояблъун букlана - округалда церехун ккарал гъединал мекъал такъсириял ишал гъукъиялъул, партизаназдаги гIадамаздаги гъоркьоб цоцазда ричI чIиги, ритIухълъиги букIинабиялъул суал. Халкъалда Советияб властальул кIварги гъелъул магIнаги бичIчIизабиялъе, гIадамазда гъоркьор гъеб цIияб гIуцIиялде дандечIеялъул хlужаби гъукъиялъул мурадалда гъабулеб гIуцIарухъанлъиялъулги, бичIчIи кьеялъулги хlалтlулъ гъес тlолабго мугъчIвай гъабулеб букIана гъанжего гъанже росабалъ раккун рачIарал партячейкабазде. Партизаназул рахъалдасан халкъалдехун хIурматги ритIухълъиги бутеб бербалагъи букIинабиялъул, гъезул гъоркьорлъаби гlатlид ва щула гъабиялъул мурадалда тартибалда дандчIвалаан гъезул нухмалъулелгун ва гъарулаан магlна бугел гара-чIвариялги, амма партизаназ захIматчагlазда аскIор такрар гъарулел рукIана цо-цо гIаданлъиялдаса рахъарал, къабихIал, къадарал хIатта зулму-хlал гъабиялъул ишал.

… Гъел рукlана 1924 соналъул сентябрь моцIалъул къоял гIисиналги, чIахIиялги, бихьаналги, руччабиги машгъуллъун рукlана меседилаб хаслихълъиялъул хIалтlабазде: хурзабахъа бакIарулеб букIана бачIин, гъутlбуздаса бетIулеб букIана пихъ, мегIер-гIалахалдаса данде гъабулеб букIана рагIи- хер. ГIалидибирилилан абуни, радал ворчIилалде, ракIалдаго гъечIого бахун батана цIа-кан ва тIолабго черх батана рогьинегIан тIилица, бухараб гIадин, эхетун чIезе гъесие мутIигIлъулел рукIинчIо бохдул. ПалхIасил, ГIалидибирица хIукму гъабуна кигlанго бокьичIониги бусадаго чlезе.

Амма къадеялдехун унти кибе арабали лъачIого тIагIинабуна, рахIат хун цоязда хадур цоял гъарун. тIаде хъвадизе лъугъарал росуцояз. Гъез киназго цо кIалдисан гIадин бицунеб букlана партизаназ жидер чуязе базе кIалцIи-хер къеян зулму-хIал гъабулеб бугилан.

ГIалидибир тlаде вахъуна ва битIахъего ГIазаев МухIамадханил рокъове уна. Гъесухъ рещтIун вукIана Болъихъе командировкаялъ вачIун вугев РКП (б) ялъул Дагъобкомалъул агитациялъулгун пропагандаялъул отделалъул заведующий Муса Кундухов. БитIккараб гIадин, гъенирго гъесда ратула партизаназул бутIрулги.

МуртазагIалиевас киназулгунго разиракиго хъваш-баш гъабула ва хадув гIодовги чIун гъезда ракI рагьун жиндирго ургъел бикьула, мурад бицуна.

-ХIурматиял гъалмагъзаби, кигIанго нилъее бокьичIониги, нилъер партизазухъа цо-цо тохал мекъа-тIекъал жал кколел руго. Гъединлъидал гъездаса халкъалъул разилъи гъечIолъи буго…

# ДОКЛАДНАЯ ЗАПИСКА ЧРЕЗВЫЧАЙНОГО УПОЛНОМОЧЕННОГО АНДИЙСКОГО ОКРУГА В РЕВОЛЮЦИОННЫЙ СОВЕТ ОБОРОНЫ О ПОЛИТИЧЕСКОМ И ЭКОНОМИЧЕСКОМ ПОЛОЖЕНИИ ОКРУГА

Вследствие полномочий, данных мне Советом Обороны от 6 февраля 1920, № 144 и от 7 февраля 1920, №155 докладываю:

Политическо-организационная работа в Андийском округе близится к концу. Трудовой народ Андийского округа вполне поддерживает советскую ориентацию, причем стоит за полную неприкосновенность шариата. Правда, есть незначительный элемент (кулаков), который мутит умы простаков, но он теперь уже не представляет из себя опасности. Смерть Узун Хаджи окончательно перепутала карты контрреволюционеров и надо быть уверенным, что они уже оставили попытку свернуть с истинного пути бедноту Андийского округа, таким образом, мечты агентов черных пашей и купцов разбились о неприступную крепость революционно настроенного трудового народа округа. Для того чтобы окончательно закрепить эту ориентацию, необходимо безотлагательно послать бедноте мануфактуру и весьма нуждается, так как те предметы первой необходимости, в которых население весьма нуждается, так как предметы и мануфактура, которые поступили в Дагестан при эксгорском правительстве, до самой бедноты не доходили. Это дело безусловно сделает больше того, что может сделать миллионная армия.

По аулам, как громовое эхо, разносится слух о разоружении Дагестана, ввиду чего население тревожно настроено, вкось и вкривь истолковывают эту меру власти. Надо полагать, что разоружение дагестанцев, так яро боровшихся против белых, лишь даст агентам турецких пашей и азербайджанских контрреволюционеров почву для провокаций. Со своей стороны считаю вопрос этот для пользы дела оставить открытым, ибо для дагестанца оружие считается святой неотъемлемой принадлежностью туалета (дагестанец скорей лишится жизни, нежели откажется от оружия).

В Андийском округе свирепствует тиф и другие эпидемические заболевания, в некоторых аулах вымирают целые семьи: население поставлено в



чрезвычайно беспомощное положение, посему является необходимым теперь же безотлагательно открыть несколько лазаретов и бань, для чего прислать в срочном порядке одного или двух медицинских врачей, одного ветеринарного врача и несколько фельдшеров и сестер с соответствующим количеством медикаментов (самых необходимых) и медицинских принадлежностей.

В настоящее время мною уже намечен к организации в округе революционный комитет в состав которого имеют войти:

*1) Кодотлов Исмаилов,*
*2).Джамал Шамхалов,*
*3). Мурадис Шалап.*
*4) Камал Сулейманов,*
*5) Ибрагим Мамадханов,*
*6) Чеэр Хаджи Раджабов,*
*7)Умар Халидов,*
*8)Джамал*
*9) Шамхал Салихов*
*10) Хамдулла Ухалов*
*11) Али Булат Гасанов*
*12) Магома Идрисов*
*13) Умахан Дибир Умаханов*
*14) Батир Сурхаев*
*15) Абдулла Дабир Мусаев*
*16) Абдулла Абдуллаев.*

Из этих лиц выбраны окружная и участковая администрация (временная революционная). Все эти лица принимали деятельное участие в борьбе против контрреволюции и как видно, представляют из себя сторонников трудящихся и пользуются значительным авторитетом среди них.

Список временного состава окружной революционной администрации с указанием, кто и на какую должность избран вместе с протоколом будут представлены впоследствии. К выборам же будет приступлено теперь же.

Докладывая о вышеизложенном прошу Совет Обороны Северного Кавказа в срочном порядке:

1.Отпустить средства по представленной мною и тов. Кундуховым смете.
2. Отпустить патроны, пулеметы и другие вооружения и снаряжения.
3.Утвердить состав Андийского окрревкома впредь до законного выбора нового.
4.Командировать в Андийский округ врачей, фельдшеров и сестер.
5.Отпустить для населения округа мануфактуру и другие предметы первой необходимости.
6. Для предстоящих работ по выборам и прочие отпустить для тов. Кундухова и для меня две лошади.

Беднота Андийского округа благодаря отдаленности от центра находится в исключительно тяжелых условиях. Наш долг, как можно скорее подать им руку помощи.

**Чрезвычайно уполномоченный в Андийском округе**

**МУРАДИС ШАЛАП.**

# БОЛЪИХЪ РОСДАЛ ГІАДАТАЛ



БахIаразул эбел-инсул къотIи ккараб заманалда рекъон, бахIарасул рахъалдасан гьесул гIагарлъиялъул вакилзаби уна бахIарай ячине.

Вакилзабазда гъорлъ нухмалъиялда вукIуна бахIарасул гIагарлъиялъул къадруяв бихьинчиги, гьесул кIиго кумекчиги, гьездаго цадахъ рукIуна руччабиги.

Гьез бахIаралъул гIагарлъиялда баян гьабула жал рачIиналъул мурад. БахIаралъул гIагарлъиялъ гьезда дандчIвай гьабула, рокъореги ахIун, гIуцIцIула кванай. Гьеб дандчIваялда бахIаралъул эмен ва гьелъул цебесеб гIагарлъиялъул бихьинал рукIунаро, гьел жидерго гIагарал чагIазухъе яги мадугьалзабазухъе уна.

БахIарасул вакилзаби, кванай халат гьабичIого, бахIарай, гьелъул гьудулзаби (руччаби) ва гьединго бахIаралъул гIагарлъиялъул цогидал руччаби рахъула къватIире бахIарасухъе ине.

Нухда росдал гIолилаз гIуцIцIула «нухкквей» абураб аваданаб тадбир. Гьениб бахIарасул гIагарлъиялъул къадруяв вакилас «нух кквеялда» ругезул бищунго ригьалъул рахъалъа кIудиясе кьола чогърол лълъар, вакиласул кумекчагIаз ва руччабаз лъималазе рикьула гьуинал нигIматал.

БахIарасул рокъоре щведал, бахIарасул эбелалъ яги гьесулго гIагарлъиялъул къадруяй чIужугIаданалъ бахIаралда баркула ригьин, гьелъие гьарула баракатаб, талихIаб гIумру ва бахIаралда кIалдиб лъола найил гьоцIоялъул цIураб гъуд.

Хадуб букIуна ихтилат-кеп, квана-гьекъей, гьеб тадбиралъе нухмалъи гьабула бахIарасул гIагарлъиялъул къадруяв бихьинчияс. Ва, гIадлунизамалда хадуб халкквей букIинелъун, рихьизарула тамадаясул кумекчаг1иги.

Бертин лъугIула лъабго къойидасан, хадуб бахIарал тIаде ахIула гIагарлъиялъ, гьениб букIуна кванай ва бахIаралъе кьола сайгъат.

**Т1. ДИБИРОВ**



## АВАЛАЗУЛ ЦIАРАЛ

*АдинчIу, Алазаниб къватIи, Анху, Анху къватIа, Анчилъи кьири, Аркъуле, Астанчи рекъа, АтимарчIа, Атиму, АхIмай реххун, Ачабалиб регъил, Базаралъи рекъа, БакIваб чIеркIва, Бакьу лъене, Бакьуре, БацIулъи къватIа, Бекъвалъи гъадару, Бекъвалъире, Беллъи чIеркIва, Бехила микьи, БечIинакьи, Бечедахи, Бигалъи къватIа, Боржихе, Боролъи гъарчIа, Боццу къватIи, Буранальи къватIа, Бущилакьи, Вашаб къватIа, Воржиб къватIа, ГIаде къватIи, ГIазаб хвабу, ГIашину, ГIашулъи къватIа, ГIобочIиб рекъа, Гергаму рекъа, Гугихе, Гьагьину, Гьадай бехилъа, Гьадалъу, Гьадару, Гьадару ахикьи, Гьадару инци, Гьадахи, Гьадехи, ГьацIаб байдан, Гьвалибаргане, Гьвангье, Гьиндирахи, Гьунардахи, Гьунче, Гьабуда бацIащухе, Гьабуда микъи бекъинаб, Гьамахелъи гъарчIа, Гьандирахи, Гьанкьи, ГьацIаха бахъуре, ГьацIаха микъи, ГьачIибе, Гьеку гьачIибе, Гьекве, Гьикьику, Гьикъимарсу, Гьинги къватIа, Гьину себарду, Гьинулъимарлъи къватIа, ГьинцIу, ГьунчIахулу, Женарделъи къватIа, женачIу гъадару, Зурзулакьи, Зурзулу, Игьурдахи, Игьуре гъаде, ИмаргIалиб рухьу, Инкубакьи, Инккубе, Инса бай, Инхе, Инци микьи, Инчулъи къватIа, Ишалъи кIоле, КIамаракьи, КIателъи коми, КIабкIарде, КIамуре, КIоркье, Камсалъу, Карим къватIи, Колакьи, КомичIу ссе, Корихе, КорчIамурчIу, КъабкIугIалиб,*

*Къулле, Къумаще, Къунабалъилъи рекъа, Кьарулъи, Лъущелъи къватIа, Мегьидахи, Микьире, Мукъухе, Ничарахи, Парсалъи, Парсан, Перукьи, Похьоме, Пурщугъане, РацIан, РекIкIине, РекъачIу бесхъе, РетамучIу бесхе, Рукъитаре, Рухитар, Рушибакьи, СамацIама, СамацIама гъаде, Сардире, Сарсабалъи, Сарулъи баган, Себарду, Синкакьи, Сирахи, Семигъи, Симу, ТIуртIубакьи, Таиш-донги, Талищаба, Тегнал гъарчIа, Удаку инкубакьи, Унса этайхаб гъурда, ХIамзалъи гъарчIа, Халину, Халину къватIа, Хамашуру, Хандасу, Хандире, Ханду, Хахарекъе, Хачару, Хужулъи микьи, Хъайтмазиб къватIи, Хъалади гьину, Хъалахъачи, Хъарщу рекъа, Хъачаб рекъа, Хъачикьи, Хъиругъаде, Хъобдикьи, Хъупилу, Хъупулъи рекъа, ЦIагъун, ЦIанахи, ЦIатащуб рекъа, ЦIелелъи рекъа, ЦIиму унщи.*

# Болъихъ росдал гIадат, гIаданлъи, гIадамазул лъикIал пишаби



Дагъистаналъул щибаб росулъ руго батIи-батIиял гIадатал- гьобол къабул гьави, бертин гьаби, лъимер гьабураб къо барки, мавлидал гьари, кIал биччан къо кIодо гьаби, мегъ биччай, оц бай, лъим бачи, мина балеб къоялъ, рак чIвалеб къоялъ «гваял» субботникал тIоритIи гIадал ва гь.ц.

Гьел киналго руго нилъее умумуз тарал лъикIал пишаби, гьелги хурхарал руго нилъер тарихалда.

Амма гIадатал рукIуна кIиго батIиял : шаргIалъ къабул гьарурал ва шаргIалъ рикIкIад гьарурал.

РикIкIад гьарурал рукIуна рихьдае, цIаруе гIоло гьарулел, росдал хIукмуялда рекъечIел, исламалде данде кколарел, хIарамал нигIматал жанир ругел, цоял цоцаца реццун ялъуни цоцада тIад релъун, дагIба-рагIиялде сверизабулел, нигIмат исраф гьабулел.

ШаргIалъ рикIкIад гьарурал пишаби нахъ чIвани, гьениб баракат ва буголъи цIикIкIуна. Баракат букIиналъе ва Ислам цебетIеялъе, цIакъ гIакъубаги бихьун, хIалтIи гьабуна имамзабаз ва нилъер кIудияз .

ГIадаталгун гIамалал воре цIуне, гIадамал,
ГIакълу-лъаялда гурел, шаригIаталда рекъон,
Хьвади гьабе берцинаб, ислам диналъ беццараб,
Гьелъулъ баракат букIин кIочон тоге кидаго.

ЛъикIал пишабазде байбихьи гьабе басмалат, хIамдалат, таслияталдалъун. Дие байбихьизе бокьун буго лъимер гьабураб къоялдаса.

Гьеб роххалилаб къо кIодо гьабизе ракIарула кинабго гIагарлъи, мадугьаллъи ва росдал агьлу. Лъимер гьабун букIин рагIизабуразе кьола сайгъат, рикьула конфетал, кьола садакъа. ЦIалула мавлид, Къуръаналъул аятал, хьола васасе кIиго гIиялъажо, ясалъе цо гIиялъажо, гIакъикъат тIубай мурадалда. АхIула как , гьабула къамат, лъола берцинаб цIар- хварал умумузул яги гьудул- гьалмагъзабазул, гьабула дугIа хваразеги ва росдал агьлуялъеги.

Гьаб ахираб заманалда баккун буго, мавлид цIаличIого, Къуръаналъул сура ГIамма яги Табарака цIалулеб. Гьелъулги батIалъи гьечIо.

ЦIакъ кIодо гьабула росулъ бертин гьаби,щай абуни гьелъул аслияб мурад кколелъул «хъизан» абураб гьитIинаб хIукумат гIуцIцIи, бахIаразул жидерго рукъ, ракь, лъимал рукIин. ГIадат цIунун, гIамал рекъон, кIигоял данделъулеб гьеб гIумрудул» кIудияб дараналъул» кутакалда бергьараб кIвар буго гIагарлъи цIикIкIиналъе, цоял цоязухъ ун тухумал гъункиялъе.

Бертин тIобитIилелде цере уна яс гьаризе, кьола бахIаралъе сайгъат, босула рагIи. Гьелда хадурги уна бертин гьабиялъул къо дандбазе. Ва магьариде бахIарас бахIаралъе кьезе кколеб гIарацги кьун,(5000 гъурущ гьаб заманалда рекъон) гIуцIула бертин. Бертин гьаби загьир гьабула киназего, тIоритIула мавлидал, гIуцIула ракIгьеял. БахIарасеги бахIаралъеги, гьабула рецц-бакъ ва малъа-хъваялгун насихIатал. Гьелдаса хадуб бахIаралъул эбел-инсуца ва гIагарлъиялъ бахIарав ва гьесул гIагарлъи рокъоре ахIула, гьуинлъи цIикIкIине кваназарула ва сайгъат бахIарасеги кьола. Бертин лъугIун хадуб бахIаравгун бахIарай гIагарлъиялъ ахIула рокъоре, гьенибги гьабула гьитIинабго ихтилат- кеп.

Гьедин берцинго бертин гIуцIиялъ, гьоркьоб гьуинлъи цIикIкIуна ва цоял цоязда ричIчIула.

**Бертаби гIемерлъаги,**
**ГIамал рекъон хьвадизе.**
**Ихтилат - кеп цIикIкIаги,**
**Гьудуллъи щулалъизе.**

Исламалъул календаралда рекъон байрамалъул гIидалъул кьолъун рикIкIуна КIал биччан къо ва Къурбан къо.

Гьел байрамазде цIакъ кIудияб хIадурлъи гьабула, цогидал росабалъго гIадин, Болъихъ росулъги. ХIадурлъи гьабула анцIго къоялъ цебе, режула пирогал, росула лъималазе рикьизе конфетал. Гьел къоял ккола лъималазул ракI гъурал, гIадамазул гъунки-гьуинлъи цIикIкIинабулеб къояллъун.

ЦIакъ лъикI гьабураб хIукмулъун рикIкIуна киназго, кIудиязе рикьизе щватаби, гурдал, квербацIал гьукъи. Гьеб имамзабаз кIвар кьун гьабураб хIалтIи буго- буголъи исраф гьабичIого букIине, бикьулаго, инсан ватIа гьавичIого вукIине.

Мавлидал цIали, садакъа гьаби, цIакъ хирияб букIин лъан, росулъ тIоритIула гIемерал мавлидал, рехсола с.гI.с.. МухIаммад аварагасул цIар, гьесул мугIжизатал, сифатал, бицуна исламияб тарихалъул, битIула салават, гьарула дугIаби, рикьула садакъаби ва, лъикIал нигIматал цере лъун, гIадамал кваназарула. Гьеб кинабго нилъее малъулъун тарал умумузеги гьабула дугIа.

Аллагьасда божи - нилъей шагьадат,
Гьелда рекъон хьвади-нилъее дару.
Къварилъи, гIатIилъи - Гьесул хIукмаби,
Щукру гьабун рукIа, диналъул вацал

Гьобол къабул гьави росулъ рикIкIуна кIвар бугеб ишлъун.

Гьесул къваригIел цIехон гьоболлъи цIехон, къабул гьавула тIад вачIаравги ТIоцебе лъола гьоболасда цебе квен, гьикъула хъизан лъимер,камураб ,гьесул къваригIел тIубан,регIула нухда.Гьеб гьудуллъи гьалмагълъи цIунула цоязда цоял тIад ун,къварилъи гIатIилъиялда рахъун чIун,лъикIал гьалбаллъун лъугьула.

Инсул гьоболасе хьулухъ гьабизе
ХIадурго рукIине тIадабин бугеб.
ТIад вачIарав гьобол къабулги гьавун,
ГIедегIун цебе квен лъезе тIалъула.

Гьанже бицен гьабила хIалтIуда хурхарал гIадатазул ихдалил заманалдаса хасалиде щвезегIан.

ТIоцебе байбихьи гьабила «чIагъва» лъей , мугь бай абураб гIадаталдаса.

Гьеб байбихьула ракь биччараб заманалъ, март моцIалъ. Анкьалъ цебе рагIизабула мугь балеб къо, гIадамаз кьола мугь балеб бакIалде цIоросоролъул мугь, гьоло, мохмох, бакъвараб гьан, баччун лъола цIул, гъури. Босун кIудияб хьагиниб бельизабула мугь , цIамги бан , рекъезабун тIагIамалда хIадурлъизабула. Гьеб мугь босизе ритIула лъимал, бикьула рокъор хутIаразе ва лъугIула цIакъ лъикIаб садакъа. Ахирал соназ гьеб мугь баялъул къо байрам гIадин нухда бахъулеб буго районалъул библиотекаялъул нухмалъулев ИзмагIилов МухIамадица ва гьенир ругел хIалтIухъабаз. Гьенибго гIадат лъугьун буго Къуръан цIалиялъул, тIабигIат цIуниялъул, нилъер умумузул рукIарал хIалтIул алатал рихьизариялъул тадбирал тIоритIиги.

**Росдал гIадат цIунарал,**
**ГIаданлъи жиделъ бугел,**
**ЛъикIаб- квешаб лъазелъун**
**Тарихалде кIвар кьурал**

гIадамал ккола ИзмагIиловги библиотекаялъул киналго хIалтIухъабиги.

ЗахIмат бокьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого лъилъе, нилъ гьечIого хур.

Инхоса ГIалихIажиясул гьел гьваридал рагIаби лъаларев чи къанагIатги ватиларо. Дагъистан ккола хIалтIи бокьулел, кIвахI гьечIел гIадамазул ватIан.

Хур, ах хIалтIизабизе ккани, чара гьечIого хIажалъула лъим, гьеб лъим бачулеб къоялъ гIахьаллъи гьабула росдал киналго гIадамаз. Лъабго къоялъ цебе гIуцIула «Себарду» абулеб бакIалдасан рахъ бухъизе гIадамазул бригада , гьелдаса хадуб киналго гIисинал, чIахIиял, руччаби гIахьаллъула «Хандасо» лъим бачулеб къоялда. Гьеб жиб-жиб соналъ уна гIуцIараб къагIидаялда, рикьула садакъаби хIадурула квен - тIех. ЖамагIат тадбиралде бачине гIуцIула машинаби.

